

Allie ak Dani: lè solèy la leve ankò

Allie ak Dani se de bon zanmi. Yo renmen jwe, ri, pataje, epi pale de tout ti bagay. Yo toujou jwenn yon moman pou yo soti, envante jwèt, epi rete ansanm.

Men, depi kèk jou, yon bagay te chanje. Dani pa t vle soti al jwe ankò, epi Allie te kòmanse santi l tris ak twouble. Li pa t konprann sa k t ap pase; li te sèlman konnen zanmi li te manke l.





Nan jou sa yo, lapli te tonbe anpil. Syèl la te vin gri, loraj yo t ap fè anpil bri, epi zèklè yo t ap klere lannwit lan. Allie te pè tou yon ti kras, men li te santi l pi trankil lè solèy la te leve ankò.

Yon apremidi, Allie deside rakonte manman li, Lali, jan li t ap santi l. Li pale l de tristès li, de jan li te manke Dani, epi de jan li te pè lè li tande loraj yo. Lali pran men li epi li di l:

“Li nòmral pou w santi w tris epi pou w pè. Lè w santi w konsa, vin bò kote m; isit la ou an sekirite.”

Allie pran yon gwo souf, epi li santi kè li kòmanse poze.

Lali te koute l ak anpil atansyon, li anbrase l, epi li chante yon chante pou li. Ansanm yo souri epi yo tann papa a rive. Aswè sa a, yo li yon istwa, yo priye ansanm, epi yo al dòmi ak kè yo pi trankil.

Nan demen, Lali deside al vizite Dalí, grann Dani. Li pote yon manje li te prepare ak anpil lanmou ansanm ak fanmi li. Lè li rive, li wè Dani chita anndan kay la, ap gade syèl la ki te toujou kouvri ak nwaj.



Lali pwoche bò kote l epi li pale avè l ak dousè:
"Pafwa zèklè ak loraj fè anpil bri e yo ka fè nou pè, men yo pa dire pou tout tan. Apre lapli a, solèy la toujou tounen klere."

Dani koute ak anpil atansyon. Li konprann li pa t pou kont li, epi li nòmal pou w santi w pè. Ti kras pa ti kras, li pran kouraj pou l soti ankò.

Jou sa a, lè syèl la kòmanse vin klè, Dani retounen jwe ak Allie. Ansanm yo ri ankò, yo konnen menm si yo pa sèten si loraj yo ka tounen, solèy la ap toujou leve ankò.





DEDICACE FINAL:

**Pou tout moun ki te janm santi pè, epi pou tout
moun ki chwazi vin yon anbràs, yon lakay,
ak yon espwa.**

Kredi:

Ekri pa: Linda Cruz

Konsepsyon pa: Erica Bohorquez